**РЕЗЮМЕ**

В статье приведены теоретические и практические рекомендации по развитию связной речи у учащихся 2-6 классов. Здесь говорится о дидактических играх, направленных на представление стихотворных текстов, вводных конструкций и общение

**SUMMARY**

The article presents theoretical and practical recommendations for the development of coherent speech of pupls in grade 2-6. The author speaks about didactic games aimed at performances, poetic texts, introductory constructions f communication.

# ОҚЫЎШЫЛАРДА ТАРИЙХЫЙ БИЛИМЛЕРДИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ ИННОВАЦИЯЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРДЫҢ ОРНЫ

(VI класс мысалында)

**Т.С.Ганиев -** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы НМПИ жанындағы Халық билимлендириўи хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў Аймақлық орайы*

**Таянч сўзлар:** тарих, ислоҳот, таълим, инновация, педагогик технология, тарихий алифбо, бешинчиси ортиқча, чайнворд.

**Ключевые слова:** история, реформа, образование, инновация, педагогическая технология, исторический алфавит, пятое лишнее, чайнворд.

**Key words:** history, reform, education, innovation, pedagogical technology, historical alphabet, the fifth is odd, chain word.

Глобал өзгерислер дәўиринде тәлим-тәрбияға зәрүрлик артып барады. Себеби, турмыстағы өзгерис пәтлери тезлеседи. Бир тәрептен, түрли халықлар турмыс тараўларында имканият шеңберинде улыўмалық тәреплерди, қолайлықларды жаратып берсе, екинши тәрептен информациялық мәкан кеңейеди. Түрли мақсет ҳәм мәплерге бағдарланған ҳәр қыйлы идея, көз-қараслар, оны үгит-нәсиятлаў технологиялары, жәмийетлик сана ҳәм пикирге тәсир көрсетиў мақсетинде нәтийжеликке ерисиў ушын ҳәрекет қылады.

Бүгинги күни мәмлекетимизде тәлим-тәрбияның "советше" модели орнында жаңа, яғный ҳәзирги дәўирде тәлим-тәрбия тараўында дүнья мәмлекетлеринде ерисилген жетискенликлер, информациялық-коммуникациялық система, педагогикалық технологияларды енгизген ҳалда оқытыўды әмелге асырыўға, билимлендириў тараўына жаңа инновацияларды енгизиўге мәмлекет сиясаты дәрежесинде итибар берилмекте.

Келешегимиз болған, өсип киятырған жас әўладты ҳәр тәреплеме рухый ҳәм физикалық жақтан жетик инсанлар етип тәрбиялаў ҳаққында Президентимиз Ш.М.Мирзиёев "Тәлим ҳәм тәрбия, илим-пән, ден саўлықты сақлаў, мәденият ҳәм көркем-өнер, спортты раўажландырыў мәселелери, жасларымыздың терең билимге ийе болыўы, шет тиллерди ҳәм заманагөй информациялық-коммуникациялық технологияларды пухта ийелеўин тәмийинлеў барлық ўақытта баслы ўазыйпамыз болып қалады" - деп атап көрсеткен еди [1].

Соңғы жылларда билимлендириў тараўында түпкиликли жаңаланыў хәрекетлери көзге тасланбақта. Егер дәслепки дәўирде тәлим-тәрбия тараўының баслы мақсети-сапалы билим бериўден ибарат болған болса, бүгин оған қосымша, оқытыў барысының нәтийжелилигин арттырыў ўазыйпалары күн тәртибине киритилмекте. Билимлендириў тараўындағы ерискен жетискенлигимиз елимиздеги әмелге асырылып атырған кең көлемли жаңаланыўлардың нәтийжеси болып табылады.

Ҳәзирги күнде билимлендириў процесинде интерактив методлар, инновациялық, педагогикалық ҳәм информациялық технологиялардың оқыў процесинде қолланыўға болған қызығыўшылық, итибар күннен-күнге күшейип бармақта, бундай болыўының себеплеринен бири, усы ўақытқа шекем дәстүрий тәлимде оқыўшыларға тек ғана таяр билимлерди ийелеўге үйретилген болса, енди заманагөй технологияларды қолланып, оларды өзлери билимлерди излеп табыўға, өз бетинше үйренип, анализлеўге, ҳәттеки жуўмақларды да өзлери келтирип шығарыўға үйретеди. Бул процессте оқытыўшы тек ғана басқарыўшы, бақлаўшы ўазыйпасын атқарады, оқыўшы сабақ процесиниң орайлық фигурасына айланады.

Тарийх пәнинде ҳәр бир сабақ, тема, оқыў предметиниң өзине тән технологиясы бар. Оқыў процесиндеги педагогикалық технологиялар-бул жеке тәртиптеги процесс болып, ол оқытыўшы оқыўшының зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда бир мақсетке бағдарланған нәтийже бериўге қаратылған педагогикалық процесс есапланады.

Педагогикалық технологиялар тәлим-тәрбия процесинде нәтийжели усылларды әмелиятқа енгизиўди усыныс ететуғынлығын, бул процессте оқытыўшы ҳәм оқыўшының бирге ислесиўлери нәтийжесинде оқыўшыларда өз бетинше билим алыў имканиятлары кең екенлиги ҳаққында өзбекстанлық методист алымлар тәрепинен баҳалы пикирлер билдирилген. «Оқытыў процесинде мақсет бойынша кепилленген нәтийжеге ерисиўде қолланылатуғын ҳәр бир тәлим технологиясы оқытыўшы ҳәм оқыўшы ортасында бирге ислесиў хызметин шөлкемлестире алса, ҳәр екеўи де унамлы нәтийжеге ерисе алса, оқыў процесинде оқыўшылар еркин пикирлей алса, дөретиўшилик қатнас жасаса, изленсе, анализлей алса, өзлери жуўмақ шығарып, өзине, топарға, топар болса оларға баҳа бере алса, оқытыўшы оқыўшылардың бундай хызметлери ушын имканият ҳәм шәраят жарата алса, бизиң пикиримизше, әне усы оқытыў процесиниң тийкары есапланады [2:160-161].

Демек, педагогикалық технология методикадан парықлы түрде, бунда алдынан кепилленген нәтийжеге ерисиў күтиледи, ал методикада болса, оқытыўшының жеке шеберлигине байланыслы әмелге асырылады.

VI класста тарийх пәни тийкарғы предмет сыпатында оқытылады. Басқа пәнлерден өзгешелиги, тарийх сабақларында ҳәр жаңа тема өтилгенде тарийхый мәмлекетлер, шахслар, сәнелер, атамалар менен танысып барылады. Сонлықтан да, бул пәнди терең өзлестириў ушын оқыўшылардың пикирлеў дүньясының кеңлиги, есте сақлаў қәбилетиниң күшлилиги үлкен әҳмийетке ийе болады.

Оқыўшылардың санасында тарийхый билимлерди қәлиплестириўде бүгинги күни билимлендириў системасына кеңнен енгизилген оқытыўдың интерактив методлардан пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, тарийх сабақларында қолланылып атырған методлар оқыўшылардың өтилген темаларды аңсат өзлестириўине, тарийхый ўақыяларға еркин түрде өз мүнәсибетин билдириўге, ўақыялар избе-излигин есте сақлаўға, синхрон тәризде дәўирлер, аймақлар, мәмлекетлердеги болып өткен тарийхый ўақыяларды салыстырып, тереңирек үйрениўге жәрдем береди.

Бул жас дәўириндеги оқыўшыларға билим бериўде, оларда тарийх пәни ҳаққында түсиниклерди қәлиплестириўде тема мазмунына сәйкес, әпиўайы, бирақ, нәтийже беретуғын методларды оқытыўшы дурыс таңлап, пайдаланыўы мақсетке муўапық есапланады. Тарийхый әлипбе шынығыўы да оқыўшылардың

тарийхый атамалар, түсиниклер, мәкан жайлар, тарийхый шахслардың атларын есте сақлаў қәбилетин сынақтан өткериўге, ойлаў, пикирлеў қәбилетлерин раўажландырыўға жәрдем береди. Бул шынығыўды әмелге асырыў ушын қандай да бир тарийхый атама ямаса тарийхый шахстың аты тахтаға вертикаль ҳалатында жазылады. **Мысалы: Геродот**. Оқыўшылар белгиленген ўақыт ишинде берилген тапсырма бойынша бас ҳәриплер менен басланыўшы тарийхый мәкан жайлар, ўақыялар, атамалар, тарийхый шахслардың атларын жазады. Қайсы оқыўшы ямаса топар көбирек мағлыўмат топласа жеңимпаз есапланады. Кем мағлыўмат топлаған оқыўшылар өз дәптерлерине басқа топарлар айтқан мағлыўматларды жазып алады. Бул шынығыў мәмлекетлик билимлендириў стандартында белгиленген таяныш, пәнге тийисли компетенциялар менен бирге, оқыў бағдарламасында берилген миллий стандарт дәрежесиниң орынланыўына жәрдем береди.

**Чайнворд методы**-оқыўшылардың өтилген темалар бойынша ийелеген теориялық билимлерин әмелиятта беккемлеўге жәрдем береди. Бул методтың абзаллығы, биринshiден, сабақта пәнлер аралық интеграцияны тәмийинлейди, екиншиден оқыўшылардың билимлерин беккемлейди, үшиншиден, оқыўшыларды дурыс, қәтесиз жазыўға үйретеди, төртиншиден, тапқырлыққа, шаққанлыққа тәрбиялайды, бесиншиден, оқытыўшыдан артықша ресурс талап етпейди.

Бул методты әмелге асырыў ушын оқытыўшы тәрепинен тема мазмунынан келип шыққан ҳалда сораўлар таярланады ҳәм төмендеги үлгидеги кестеде оқыўшыларға тапсырма бериледи.

**29-§. Әййемги Греция алымлары ҳәм ойшыллары**

| Сораўлар | Жуўаплары |
|---|---|
| Жер бетиндеги барлық нәрсе оттан келип шыққан деп дәлиллеўши грек философы? (8) | Гераклит |
| Фракиялы болған грек философы (8) | Демокрит |
| Инсанда ҳеш қандай зәрүрлик болмаўы керек деген пикирге ийе болған грек философы (6) | Диоген |
| Геродотқа қандай атақ берилген? (8+5) | Тарийхтың атасы |
| Шығыста Арасту аты менен белгили болған грек алымы (10) | Аристотель |
| Маған таяныш ноқатын таўып бериң, Жерди өз көшеринен шығарып жиберемен. Бул пикир кимге тийисли? (7) | Архимед |
| "Өз-өзиңди аңла ҳәм бил". Бул пикир кимге тийисли? (6) | Сократ |

**"Бесиншиси артықша" методы**

Бул методтан төмендегише пайдаланыў мүмкин. Бунда оқытыўшы тахтаға өтилген жаңа темаға байланыслы төрт атама (сөз) ҳәм темаға байланыслы болмаған бесинши атаманы (сөзди) жазады. Мысалы: **2-§. Ең әййемги адамлардың раўажланыўының дәслепки басқышлары. Питекантроп, зинжантроп, синантроп, неандерталь, патриархат.** Бул атамалардан оқыўшылар темаға тийисли болмаған, яғный артықша болған бесинши атаманы (сөзди) табады. Оқытыўшы сол тәризде тема бойынша үйренилген тийкарғы түсиник, атамалар, тарийхый шахслардың атларын жазыўды даўам етеди, оқыўшылар болса темаға тийисли болмаған сөзди табыўды даўам еттиреди. Бул метод оқыўшылардың өзлестирген теориялық билимлерин жаңа күтилмеген жағдайларда қолланыўға имканият жаратады. Бул методты сабақтың жаңа теманы беккемлеў басқышында қолләнсақ жақсы нәтийже береди. Методтың абзаллық тәрепи сонда, бириншиден, оқытыўшыдан артықша ресурс талап етилмейди, класс тахтасы менен ислесиўге жәрдем береди, екиншиден, оқыўшыларды анализлеўге үйретеди, үшиншиден, сабақта оқыўшыларда өзара жарыс руўхын пайда етеди.

Ҳәр бир оқытыўшы өзиниң педагогикалық искерлигинде заманагөй технологияларды қолланыўды жолға қойыўы менен оның кәсиплик шеберлиги артыўы сөзсиз. Бул өз гезегинде оқыўшыға жеткерип берилетуғын билимниң сыпатының артыўына тийкар жаратады. Соның менен бирге оқыўшының сабаққа қызығыўшылығын ҳәм билимге умтылыўшылық ҳәрекетлерин раўажландырады.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги заманагөй тарийх пәни оқыўшыларға терең билим бериўи ушын заман талаплары дәрежесинде билимге ийе болыўы, билимлендириў тараўына енгизилген педагогикалық технологиялар ҳаққында теориялық билимлер менен бирге әмелий көнликпелерге ийе болыўы мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. "Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш-юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови" мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. -Т.: "Ўзбекистон", 2017.
2. Тошпўлатов Я., Ғаффоров, Тарих ўқитиш методикаси. –Т.: 2010. 160-161-б.
3. Сагдуллаев А.С., Костецкий В.А. 6-класс «Тарийх» (Әййемги дүнья). –Ташкент:, 2017.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада педагогик технологияларнинг афзалликлари тўғрисидаги фикрлар ўртага ташлаган ва тарих дарсларида интерфаол методлардан фойдаланиш усуллари кўрсатиб ўтилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются преимущества педагогических технологий и использование интерактивных методов на уроках истории.

**SUMMARY**

The article deals with the advantages of pedagogical technologies and using interactive methods at the lessons in History.


## ЖИСМОНИЙ ТАРБИЯ ДАРСЛАРИ ВА СИНФДАН ТАШҚАРИ МАШҒУЛОТЛАРНИНГ ЭСТЕТИК ЖИҲАТЛАРИ ВА УНИНГ ГЎЗАЛЛИК МЕЗОНЛАРИ


**А.Д.Хожимирзаев** – *педагогика фанлари номзоди, доцент*
*Наманган давлат университети*



**Таянч сўзлар:** жисмоний тарбия, эстетика, ўқувчи, мезон, жиҳат, усул, вақт, спорт, синф, гармония.
**Ключевые слова:** физическое воспитание, эстетика, читатель, критерий, аспект, метод, время, спорт, класс, гармония.
**Key words:** physical education, aesthetics, reader, criterion, aspect, method, time, sport, class, harmony.


Шахснинг маънавий ва жисмоний имкониятларини ривожлантириш, улар негизида ўқувчи ёшларда мустаҳкам ахлоқий сифатларни шакллантириш учун ўқувчилар ўртасида спортни оммалаштириш муҳимдир. Бу борада "Жисмоний тарбия дастурида ўқувчиларнинг ўзини ўзи ривожлантириш компетенцияси" бўйича – ўқувчиларни мунтазам равишда ўзи устида ишлаш, ақлий, ахлоқий, эстетик, кун тартибига ҳамда гигиеник қоидаларга амал қила олиш белгилаб қўйилган [1].

Ёш авлодда шахсининг ижобий ва ижодий сифат-